ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№145 (22.053) ● 2011 гъэм шыщхьэІум (августым) и 2, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪАНОКЪУЭ Арсен:
«Зэпеуэ щыщыІэм и дежщ нэхъ зыхуэфащэхэр щыплъагъур»

Республикэм и Іэтащхьэм къызэриІыхьэмкІэ, «УФ-м и Къэрал Думэм и кандидат къагъэлъэгъуэнухэр убзыхуным хуэунэтІауэ къэралым щрагъэкІуэкІ пэублэ ІэІэтхэр муниципальнэ ІэнатІэм щегъэжьауэ къэралым и къулыкъу нэхъыщхьэхэм нэсыху партым къыбгъэдэкІыу ягъэув хъунухэр къыхэхыныкмкІэ демократием и хабзэхэм нэхъ къезэгъ Іэмалщ. Ар сэбэп мэхъу кандидату къагъэлъэгъуэн папщІэ нэхъ зыхуэфащэхэр гъэбелджылыныкмкІэ. Партым иригъэкІуэкІ а лэжьыгъэр хуэунэтІащ утыкум ихьэну, сыт хуэдэ жэуапри и пщэ дилъхьэжыну мышынэ политик нэсхэр гъэсэным. ЗэфІэкІкІэ щызэпеуэм дежщ нэхъ зыхуэфащэхэр щыплъагъунур. Мы лэжьыгъэм и сэбэп къекІынущ политик щІалэхэм Іуэхум зыхуагъэсэным, нэхъыжьхэмри иджыпсту щыІэ гугъуехьхэм нэхъри гу лъатэным».

КУЭЦЭ Ратмир,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэм и лэжьакІуэ.

Диныр зигу илъ дэтхэнэ муслъымэнми и къалэн лъапІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыхуэзу пщІэ зыхуэсщІхэ!

Муслъымэнхэм я дежкІэ лъапІэ Нэщі мазэм зэрыщІидзамкІэ сынывокъуэхъу.Ислъам диным ит щыху псоми я дежкІэ ар нэхъ мазэ лъапІэ дыдэщ. Диныр зигу илъ дэтхэнэ муслъымэнми и фарэщ нэщІыр ткІийуэ иныгьыну. Абы хеубыдэ диныр зыІыгъхъэм я гурыщІэ нэхъ къабзэ дыдэ хэр гъэбыдэнри исльамым и хабзэхэр гъэзэщІэнри.

Иджыпсту къэралми динми я мурадыр зыщ - гъащІэр нэхъыфІ, нэхъ къабзэ щынырщ, гуапагъэм зхуэунэтІныырщ. Быдзу си фІэщ мэ хъу мыхьэнэшхуэ зиІэ а мурадыр зэгъэхъуІэныкмкІэ властым и органхэмрэ республикэм и дин зэгухьныгъэхэмрэ зэщІыгъуу ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр лъабжьэ быдзу зэрыувынур, дэ ди зэдзэлэжьныгъэри мамырыгъэр, жылагъуэ зэгурыІуэныгъэр, ди щыхубзм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным дяпэкІи хуэунэтІауэ зэрыщытынур.

Нобэ мыхьэнэ хэха иІэщ ди жылагъуэр зэгурыгъэІуэнымкІэ сэбэн хъуфын, нэхъыжьхэм зэфІагъэкІахэр ягъэбагъуэу ди республикэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ гъжьэфын щІалэгъуалэ губзыгъэ, щІэныгъэ зиІэ гъэсэным.

Убышагъэ быдэ фиІэну, фи мурадыфІхэр къыдэ хъуІэну сынывохъуэхъу!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪ УЭ Арсен.

Къанокъуэ Арсен хэтащ Дагъыстэным щекІуэкІа экономикэ зэІущІэшхуэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент **Къанокъуэ Арсен** Дагъыстэным щекІуэкІа экономикэ зэІущІэм хэтащ. Абы щІыгъуу Мэхъэчкъалэ щыІащ КЪР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщі **Жамборэ Владимир**, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий**, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министр **Къаздэхъу Альберт**, КъБР-м промышленностымкІэ, связымрэ информатизацэмкІэ и министр **Шипов Владимир**, КъБР-м спортымкІэ, туризмымрэ курортхэмкІэ и министр **АфІэунэ Аслъэн** сымэ.

КъБР-м и Президентыр хэтащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и субъектхэм я Іэтащхьэхэм я зэІущІэу УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ Хлопонин Александр иригъэкІуэкІам. Апхуэдэу Кьанокъуэ Арсен пленар зэІущІэм ирихьэлІащ, абы и ужькІэ «Каспий Экспо» центрым къыщызэІуаха гъэлъэгъуэныгъэм елъащ.

КъБР-м и Правительствэм и лІыкІуэхэр хэтащ Урысей Ищхьэм и щІыналъэхэм я социально-экономикэ зэдзэлэжьныгъэм, агропромышленнэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексхэм зегъэужьныным, щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэр къэгъэсэбэпыным, инновацэ зыужьныныгъэм, туризмым, нэгъуэщІхэми щытепсэлъыхьа зэІущІэ щхьэхуэхэм.

Дагъыстэным къыщызэрагъэпэща зэІущІэм хиубыдэ дауэ щІалэгъуалэм я экономикэ конгресс ирагъэкІуэкІащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІэкІэ абы иритхьэлІащ КъБР-м и ЩІалэгъуалэ правительствэм хэтэхэр.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

ЕГЭ-м теухуауэ

● Егъэджэныгъэ

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и зи чэзу зэІущІэ мэремкІуам екІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ 2011 гъэм 9-нэ, 11-нэ классхэр къэзыухахэм ятА Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр къызэрыгъэгъэпэщам, абы къарикІуахэм.

ЗЭУЩІЭМ хэтащ егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий, Егъэджэныгъэмкіэ къалэ, район Іуэхущ Іапі Іэхэм я Іэтащхьэхэр, еджапІэ нэхъыщхьэхэм, курытхэм я унафэщІхэр, министерствэм и Іэщ Іагъэлъ Іэр, нэгъуэщІхэри.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий убгъуауэ тепсэлъыхьащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр егъэкІуэкІынкІэ къызэрагъэпэща щыІкІэм, ар къэзыщыта гупым зэрадэлэжьам, къэпщытэныгъэхэм къарикІуахэм арэзы къызэращІам.

Къаштэмэ, ди республикэм и ныбжьыщІэхэм къагъэлъэгъуа щІэныгъэр хуэдизщ Урысейм ику иту къыщащыгъахэм. Уеблэмэ УФ-м ику иту къыщахьа балл бжыгъэхэм нэхъри нэхъыбэщ ди лъахэгъу еджакІуэхэм географиемкІэ, химиемкІэ, Урысейм и тхыдэмкІэ, биологиемкІэ, физикэмкІэ, математикэмкІэ, литературэмкІэ къагъэлъэгъуахэр. 2011 гъэм балли 100 зы щІыху закъуэм, зы предмет закъуэмкІэ - химиемкІэ - къикІыауэ араш. Аущ балл нэхъ мащІэ дыдэр къэзымыкъыфхэм я бжыгъэм къыдэкІыну.

Ди республикэм и районхэр Іуэхум зэрыпэльэщар зэбгъапщэмэ, ику ит балл бжыгъэр кхъахьафащ Аруан районым, Налшык, Бахъсэн къалэхэм.

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зыхуэмытахэм я гугъу щищІым Щхьэгъэпсом кхьихгъэщащ 2011 гъэм щІыху 21-р экзаменхэм зэрыпэмылъэщар, аттестат къызэрымытыжар.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий Егъэджэныгъэмкіэ къалэ, район Іуэхущ Іапі Іэхэм я унафэщІхэм захуигъэзащ аттестатыншэу къэна ныбжьыщІэхэр я нэІэ щІагъэтыну, 2012 гъэм экзаменхэм иджыри зэ ирагъэтыну.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

Жылапхъэфіыр гъавэ бэвым и лъабжьэщ

● Прохладнэ куей

«Отбор» инноваци-производственнэ агрофирмэр зэлэжьыр нартыху гибридыщІэхэр къэгъэхъунырщ. Абы папщІэ жылапхъэхэр, хьэсэ хэхахэр, къэкІыгъэ зэмыІуэжьыгъуэхэр ягъэ унэху.

- ДЭТХЭНЭ мэкъумэшщІэми дежкІэ нэхъыщхьэр гъавэ бэв къеХъулІэныр, - жеІэ агрофирмэм и унафэщІ, нартыхумкІэ Урысейпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и Къэрал щагъэунэху станцым жылапхъэхэмкІэ и къудамэм илъэс 17-кІэ щылэжьаа Джыназ Расул.

1999 гъэм и мэлыжьхьэ мазэ лъандэрэ щІыр бэджэнду къыщІэта Прохладнэ муниципальнэ районым хыхьэ Комсомольскэ къуажэм Іэщ Іагъэлі Іэзэм къэхутэныгъэхэр щІэлэжьаа Джыназ Расул.

Жылапхъэхэмрэ гибридхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыпІэхэм, къапщтэмэ, Прохладнэ куейм зэрыщеІэзэгъыр ягъэунэхуурэ, хамэ къэралхэмрэ Урысеймрэ я селекционерхэм я къэхутэныгъэхэр агрофирмэм и Іэщ Іагъэлі Іхэм жыджэру къагъэсэбэп. Абы и щыІэхэ Франджым и Поканэм мэкъумэш къэкІыгъэхэмкІэ и департаментым и унафэщІ Паэбу Франсуа я пашэу «Евралис Семанс» фирмэм и лыкІуэхэр къазэрыхуеблэгъар. Джыназ Расулрэ Прохладнэ куейм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и Іуэхущ Іапі Іэм и Іэтащхьэ Хромов Сергейрэ ящыгъуу нартыху гибридхэр зэрагъэунэху, абыхэм къатепщыкІахэм зэрыкІэлъыплъ щыкІэм хьэщІэхэм щыгъуазэ зыхуащІащ. Агрофирмэм бэджэнду иныгъ гектар 2537-м щыщу 789-р мы гъэм нартыху гибридхэм хухахащ. Франджымрэ Урысеймрэ я нартыху жылапхъэхэм зэхуэдэныгъэрэ зэущхьэщкІныныгъэ яІэхэр зэпкъраха нэужь, Паэбу Франсуа щІэупщІащ гибрид жылапхъэ хьэщІхэр зэращІ щІыкІэм.

- Пасэу хуэ гибридхэр Тэтэрстаным, Башкиры, Рязань, Тулэ областхэм идогъашэ. Нэхъ кІасэу зызыужьхэр ди щІыпІэ рыноным папщІэ догъэхъэзыр. Нэгъабэ тон 1200-рэ тщащ. ИльэсыМ жылапхъэу тонн мини 5 щыІэхадзыну завод духуэну ди мурадщ, - кьыхигъэщащ агрофирмэм и унафэщІым.

Хьэсэхэр кьиплъыхьа нэужь, Паэбу Франсуа къигъэльэгъуащ «Отбор» ИПА-м и Іэщ Іагъэлі Іхэм лэжьыгъэфІ зэраІэр, къэкІыгъэхэр зэрыльагэр, жэпкъхэм кІэчан турыгІ-щырыщ зэрадэтыр.

Агрофирмэм и унафэщІ Джыназ Расул ныдэлъэрилъытэмкІэ, къэкІыгъэхэр, жылапхъэхэр егъэфІэкІуэным, нартыху гъэкІыным зэгъусэу зэрелэжьым лъэныкъуэхэм фейдэ нэрылъагъэхэр кьахуищІынущ.

ЛУПЫРЁВЭ Иринэ.

Франджым къикІа хьэщІэхэр «Отбор» агрофирмэм щыІэу.

● Псапэ

Школ щІэтІысхьэжыгъуэм ирихьэлІэу

«Налшык и щІалэгъуалэм я союз» къалэ зэгухьэныгъэм, Налшык къалэ округым и щыпІэ администрацэм щІалэгъуалэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ я Іуэхуэкмкіэ и къудамэм я жэрдэмкІэ Кулиевым и цІэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №17-м и щІантІэм бадзэуэгъуэм и 29-м щрагъэжьащ «Школым щІэтІысхьэжым дэІэпыкъу» псапщІэ лэжьыгъэр.

МЫР зэхэзыублахэм къалэдэсхэм лъэІукІэ зыхуагъаазэ зи Іуэхур зэкІэлъымыкІуэ унагъуэхэм щыщ сабийхэр школым щІэтІысхьэжьын папщІэ зыхуэныкъуэхэмкІэ зыщІагъэкъуэну. Зы мазэкІэ екІуэкІыну лэжьыгъэм цІыху щхьэхуэхэри гупхэри къыхьыхьэ хъунущ.

Иджыпсту къалэм щыхаха щыІыпІитхум (Сабий-хэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я творчествэмкІэ къалэ центрым, «Эдельвейс» клубым, «Эрудит» къалэ центрым, «Гастроном» тыкуэным,КъБКъУ-м) къыщыІаухынущ зэрытхэ, зэреджэ Іэмэпсымэхэр, тхылъхэр, тхылъыльэхэр, щыгъыныхэр, ваквэхэр. ЦІыхуэхэм, зэрахуэзэфІэкІым еслъытагъэ, щІэуэ къащэхуахэри тІорысхэри къахь хъунущ.

Мы лэжьыгъэр зэрекІуэкІынум нэхъ гурыІуэгъуэу щыгъуазэ зыщыфщІ хъунущ Налшык къалэ округым и щыпІэ администрацэм щІалэгъуалэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я Іуэхуэхэмкіэ и къудамэм. Абы и телефоныр: **42-27-68.**

Налшык къалэ округым и щыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Махуэкіэ ядэнукъым

Муслъымэнхэр щыщхьэІум и 1-м нэщІ мазэм хьэщ.Ислъам къэралхэм ар лъэпкьыпсо Іуэхуу къыщалъытэ - зы мазэкІэ Іуэхущ Іапі Іэхэм, тыкуэнхэм, щхапІэхэм я лэжьыгъэ зэманхэр яхьуэж. Хэщхьэжа иужькІэщ уи ягъзебгъэужьыну ущыхуитыр.

Абы щыгъуэми Инджылызым нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм еЫм и хэкуэгъуэгъу Хьэрыш Эмират Зэгуэтхэм зыщызыгъэпсэхуэхэм захуигъэзащ махуэкІэ щыху зэхуэсыпІэхэм щымыщхэну икІи цемыфэну. Ахэр ягъэтІысыныкІэ хуэгъэзыхьмэ, щІыхубз уэндэгъуэхэри сабийхэри сакъынхуейщ. Щыху зэхьыхьэпІэхэм нэщІ умыІыгъуэ закъыщебгъэлъагъэныр къезэгъыркъым.

Уиз Хужьымрэ республикан оппозициэмрэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм и фІыгъэкІэ дефолт къэхъунукъым.

Дуней псом ахьшэ щызезыгъакІуэхэр куэдрэ зыпэпльа мы Іуэхур хуэгъэзащ къэрал щІыхуэр доллар триллионищкІэ лъэхъэнтІекІэ къэІэтыным. Ящэ щыкІэ щІыхуэу къащтэну триллионыр хуэгъэзащ налогхэм хамыгъэхъуэным. Къэралым игъэкІуэд мыльку ирилъхьэщІым кьриубыдэу апхуэдизу адъыщэкІэ ягъэмэщІэнущ. Журналистэм защыхуиГ ащэм президент Обамэ Барак жиІащ республиканэмрэ демократэмрэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм и фІыгъэкІэ къаралыр зыхэхуа гугъуехьхэм я ужькІэ щІыфынур. Кьат хъыбархэм къызэрыхэщыкІэ, хуабжьу ягъэмэщІэнущ Пентагон и бюджетыр. Ильэспищым кьриубыдэу ар ехуэхынущ доллар мелард 350-кІэ.

ИкІэм- икІэжьым зэгуроІуэ

Иджы дыдэ США-м щызэгурыІуащ къэрал щІыхуэм и Іуэхукіэ.

Уиз Хужьымрэ республиканоппозициэмрэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм и фІыгъэкІэ дефолт къэхъунукъым.

Дуней псом ахьшэ щызезыгъакІуэхэр куэдрэ зыпэпльа мы Іуэхур хуэгъэзащ къэрал щІыхуэр доллар триллионищкІэ лъэхъэнтІекІэ къэІэтыным. Ящэ щыкІэ щІыхуэу къащтэну триллионыр хуэгъэзащ налогхэм хамыгъэхъуэным. Къэралым игъэкІуэд мыльку ирилъхьэщІым кьриубыдэу апхуэдизу адъыщэкІэ ягъэмэщІэнущ. Журналистэм защыхуиГ ащэм президент Обамэ Барак жиІащ республиканэмрэ демократэмрэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм и фІыгъэкІэ къаралыр зыхэхуа гугъуехьхэм я ужькІэ щІыфынур. Кьат хъыбархэм къызэрыхэщыкІэ, хуабжьу ягъэмэщІэнущ Пентагон и бюджетыр. Ильэспищым кьриубыдэу ар ехуэхынущ доллар мелард 350-кІэ.

Чэф иІэтэкъым

Щхьэтымрэ тхьэмахуэ маХуэмрэ я жэщым Москва псым щыщІильэфа «ПщІащхьэ цыкІу» катерым и капитаным чэф иІакъым, яжриІащ журналистхэм а къхъуэным иса Малышев Екатерин э.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, катерыр псым щІильэфащ баржэм жьэхэуэри. Насыпыншагъэм щІыхуибгъу хэкІуэдащ.



◆Дзэ-Хьэуа Къаруэм я маХуэщ. УФ-м и Президентым 2006 гъэм накъыгъэм и 31-м къыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ я гъэльапІэ.

◆Македониэ Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - Республикэм и махуэщ (1998).

◆ЩышхьэІум и 2 - фокІадэм и 16-хэм Женевэ (ШвейцариІе) щекІуэкІыныщ Іэщэнщэ зыщІыныкмкІэ Конференцым и сессиер (ещанэ Іыхьэ).

◆Илъэс 80 и пэкІэ къалъхуащ авиацэм и лейтенант нэхъыжь Янов Ю. Н. (1931 - 1966). Капитан Капустин Б. В. и гъусэу абы лыгъэ щызэрихьащ Берлин и уэзум - зэра мыгъэкІуэжьыф реактивнэ кхъухьлъатэр къалэм и псэупІэ хьэблэхэм яхигъэхуакъым. А щІалитІыр ГДР-м и лъэпкъ лІыхьжьхъуахэщ, абыхэм уэрэд щІэрыІуэ хуаусащ.

Плайнэр лъэхъэхэрыр ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

Щыхур зыгъэщІэращІэр и гуащІэрщ.

«Отбор» инноваци-производственнэ агрофирмэр зэлэжьыр нартыху гибридыщІэхэр къэгъэхъунырщ. Абы папщІэ жылапхъэхэр, хьэсэ хэхахэр, къэкІыгъэ зэмыІуэжьыгъуэхэр ягъэ унэху.

● Прохладнэ куей

- ДЭТХЭНЭ мэкъумэшщІэми дежкІэ нэхъыщхьэр гъавэ бэв къеХъулІэныр, - жеІэ агрофирмэм и унафэщІ, нартыхумкІэ Урысейпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и Къэрал щагъэунэху станцым жылапхъэхэмкІэ и къудамэм илъэс 17-кІэ щылэжьаа Джыназ Расул.

1999 гъэм и мэлыжьхьэ мазэ лъандэрэ щІыр бэджэнду къыщІэта Прохладнэ муниципальнэ районым хыхьэ Комсомольскэ къуажэм Іэщ Іагъэлі Іэзэм къэхутэныгъэхэр щІэлэжьаа Джыназ Расул.

Жылапхъэхэмрэ гибридхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыпІэхэм, къапщтэмэ, Прохладнэ куейм зэрыщеІэзэгъыр ягъэунэхуурэ, хамэ къэралхэмрэ Урысеймрэ я селекционерхэм я къэхутэныгъэхэр агрофирмэм и Іэщ Іагъэлі Іхэм жыджэру къагъэсэбэп. Абы и щыІэхэ Франджым и Поканэм мэкъумэш къэкІыгъэхэмкІэ и департаментым и унафэщІ Паэбу Франсуа я пашэу «Евралис Семанс» фирмэм и лыкІуэхэр къазэрыхуеблэгъар. Джыназ Расулрэ Прохладнэ куейм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и Іуэхущ Іапі Іэм и Іэтащхьэ Хромов Сергейрэ ящыгъуу нартыху гибридхэр зэрагъэунэху, абыхэм къатепщыкІахэм зэрыкІэлъыплъ щыкІэм хьэщІэхэм щыгъуазэ зыхуащІащ. Агрофирмэм бэджэнду иныгъ гектар 2537-м щыщу 789-р мы гъэм нартыху гибридхэм хухахащ. Франджымрэ Урысеймрэ я нартыху жылапхъэхэм зэхуэдэныгъэрэ зэущхьэщкІныныгъэ яІэхэр зэпкъраха нэужь, Паэбу Франсуа щІэупщІащ гибрид жылапхъэ хьэщІхэр зэращІ щІыкІэм.

- Пасэу хуэ гибридхэр Тэтэрстаным, Башкиры, Рязань, Тулэ областхэм идогъашэ. Нэхъ кІасэу зызыужьхэр ди щІыпІэ рыноным папщІэ догъэхъэзыр. Нэгъабэ тон 1200-рэ тщащ. ИльэсыМ жылапхъэу тонн мини 5 щыІэхадзыну завод духуэну ди мурадщ, - кьыхигъэщащ агрофирмэм и унафэщІым.

Хьэсэхэр кьиплъыхьа нэужь, Паэбу Франсуа къигъэльэгъуащ «Отбор» ИПА-м и Іэщ Іагъэлі Іхэм лэжьыгъэфІ зэраІэр, къэкІыгъэхэр зэрыльагэр, жэпкъхэм кІэчан турыгІ-щырыщ зэрадэтыр.

Агрофирмэм и унафэщІ Джыназ Расул ныдэлъэрилъытэмкІэ, къэкІыгъэхэр, жылапхъэхэр егъэфІэкІуэным, нартыху гъэкІыным зэгъусэу зэрелэжьым лъэныкъуэхэм фейдэ нэрылъагъэхэр кьахуищІынущ.

ЛУПЫРЁВЭ Иринэ.

Къанокъуэ Арсен хэтащ Дагъыстэным щекІуэкІа экономикэ зэІущІэшхуэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент **Къанокъуэ Арсен** Дагъыстэным щекІуэкІа экономикэ зэІущІэм хэтащ. Абы щІыгъуу Мэхъэчкъалэ щыІащ КЪР-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщІ **Жамборэ Владимир**, КъБР-м экономикэ зыужьныныгъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий**, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министр **Къаздэхъу Альберт**, КъБР-м промышленностымкІэ, связымрэ информатизацэмкІэ и министр **Шипов Владимир**, КъБР-м спортымкІэ, туризмымрэ курортхэмкІэ и министр **АфІэунэ Аслъэн** сымэ.

КъБР-м и Президентыр хэтащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и субъектхэм я Іэтащхьэхэм я зэІущІэу УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ Хлопонин Александр иригъэкІуэкІам. Апхуэдэу Кьанокъуэ Арсен пленар зэІущІэм ирихьэлІащ, абы и ужькІэ «Каспий Экспо» центрым къыщызэІуаха гъэлъэгъуэныгъэм елъащ.

КъБР-м и Правительствэм и лІыкІуэхэр хэтащ Урысей Ищхьэм и щІыналъэхэм я социально-экономикэ зэдзэлэжьныгъэм, агропромышленнэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексхэм зегъэужьныным, щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэр къэгъэсэбэпыным, инновацэ зыужьныныгъэм, туризмым, нэгъуэщІхэми щытепсэлъыхьа зэІущІэ щхьэхуэхэм.

Дагъыстэным къыщызэрагъэпэща зэІущІэм хиубыдэ щІалэгъуалэм я экономикэ конгресс ирагъэкІуэкІащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІэкІэ абы иритхьэлІащ КъБР-м и ЩІалэгъуалэ правительствэм хэтэхэр.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

ЕГЭ-м теухуауэ

● Егъэджэныгъэ

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и зи чэзу зэІущІэ мэремкІуам екІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ 2011 гъэм 9-нэ, 11-нэ классхэр къэзыухахэм ятА Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр къызэрыгъэгъэпэщам, абы къарикІуахэм.

ЗЭУЩІЭМ хэтащ егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий, Егъэджэныгъэмкіэ къалэ, район Іуэхущ Іапі Іэхэм я Іэтащхьэхэр, еджапІэ нэхъыщхьэхэм, курытхэм я унафэщІхэр, министерствэм и Іэщ Іагъэлі Іэр, нэгъуэщІхэри.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий убгъуауэ тепсэлъыхьащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр егъэкІуэкІынкІэ къызэрагъэпэща щыІкІэм, ар къэзыщыта гупым зэрадэлэжьам, къэпщытэныгъэхэм къарикІуахэм арэзы къызэращІам.

Къаштэмэ, ди республикэм и ныбжьыщІэхэм къагъэлъэгъуа щІэныгъэр хуэдизщ Урысейм ику иту къыщащыгъахэм. Уеблэмэ УФ-м ику иту къыщахьа балл бжыгъэхэм нэхъри нэхъыбэщ ди лъахэгъу еджакІуэхэм географиемкІэ, химиемкІэ, Урысейм и тхыдэмкІэ, биологиемкІэ, физикэмкІэ, математикэмкІэ, литературэмкІэ къагъэлъэгъуахэр. 2011 гъэм балли 100 зы щІыху закъуэм, зы предмет закъуэмкІэ - химиемкІэ - къикІыауэ араш. Аущ балл нэхъ мащІэ дыдэр къэзымыкъыфхэм я бжыгъэм къыдэкІыну.

Ди республикэм и районхэр Іуэхум зэрыпэльэщар зэбгъапщэмэ, ику ит балл бжыгъэр кхъахьафащ Аруан районым, Налшык, Бахъсэн къалэхэм.

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зыхуэмытахэм я гугъу щищІым Щхьэгъэпсом кхьихгъэщащ 2011 гъэм щІыху 21-р экзаменхэм зэрыпэмылъэщар, аттестат къызэрымытыжар.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий Егъэджэныгъэмкіэ къалэ, район Іуэхущ Іапі Іэхэм я унафэщІхэм захуигъэзащ аттестатыншэу къэна ныбжьыщІэхэр я нэІэ щІагъэтыну, 2012 гъэм экзаменхэм иджыри зэ ирагъэтыну.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

Школ щІэтІысхьэжыгъуэм ирихьэлІэу

«Налшык и щІалэгъуалэм я союз» къалэ зэгухьэныгъэм, Налшык къалэ округым и щыпІэ администрацэм щІалэгъуалэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ я Іуэхуэхэмкіэ и къудамэм я жэрдэмкІэ Кулиевым и цІэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №17-м и щІантІэм бадзэуэгъуэм и 29-м щрагъэжьащ «Школым щІэтІысхьэжым дэІэпыкъу» псапщІэ лэжьыгъэр.

МЫР зэхэзыублахэм къалэдэсхэм лъэІукІэ зыхуагъаазэ зи Іуэхур зэкІэлъымыкІуэ унагъуэхэм щыщ сабийхэр школым щІэтІысхьэжьын папщІэ зыхуэныкъуэхэмкІэ зыщІагъэкъуэну. Зы мазэкІэ екІуэкІыну лэжьыгъэм цІыху щхьэхуэхэри гупхэри къыхьыхьэ хъунущ.

Иджыпсту къалэм щыхаха щыІыпІитхум (Сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я творчествэмкІэ къалэ центрым, «Эдельвейс» клубым, «Эрудит» къалэ центрым, «Гастроном» тыкуэным,КъБКъУ-м) къыщыІаухынущ зэрытхэ, зэреджэ Іэмэпсымэхэр, тхылъхэр, тхылъыльэхэр, щыгъыныхэр, ваквэхэр. ЦІыхуэхэм, зэрахуэзэфІэкІым еслъытагъэ, щІэуэ къащэхуахэри тІорысхэри къахь хъунущ.

Мы лэжьыгъэр зэрекІуэкІынум нэхъ гурыІуэгъуэу щыгъуазэ зыщыфщІ хъунущ Налшык къалэ округым и щыпІэ администрацэм щІалэгъуалэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я Іуэхуэхэмкіэ и къудамэм. Абы и телефоныр: **42-27-68.**

Налшык къалэ округым и щыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

КЪАНОКЪУЭ Арсен:
«Зэпеуэ щыщыІэм и дежщ нэхъ зыхуэфащэхэр щыплъагъур»

Республикэм и Іэтащхьэм къызэриІыхьэмкІэ, «УФ-м и Къэрал Думэм и кандидат къагъэлъэгъуэнухэр убзыхуным хуэунэтІауэ къэралым щрагъэкІуэкІ пэублэ ІэІэтхэр муниципальнэ ІэнатІэм щегъэжьауэ къэралым и къулыкъу нэхъыщхьэхэм нэсыху партым къыбгъэдэкІыу ягъэув хъунухэр къыхэхыныкмкІэ демократием и хабзэхэм нэхъ къезэгъ Іэмалщ. Ар сэбэп мэхъу кандидату къагъэлъэгъуэн папщІэ нэхъ зыхуэфащэхэр гъэбелджылыныкмкІэ. Партым иригъэкІуэкІ а лэжьыгъэр хуэунэтІащ утыкум ихьэну, сыт хуэдэ жэуапри и пщэ дилъхьэжыну мышынэ политик нэсхэр гъэсэным. ЗэфІэкІкІэ щызэпеуэм дежщ нэхъ зыхуэфащэхэр щыплъагъунур. Мы лэжьыгъэм и сэбэп къекІынущ политик щІалэхэм Іуэхум зыхуагъэсэным, нэхъыжьхэмри иджыпсту щыІэ гугъуехьхэм нэхъри гу лъатэным».

КУЭЦЭ Ратмир,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэм и лэжьакІуэ.

● Лэсхэн куей

ЩІэн хуейр куэдщ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Гертер Иван зи пашэ комиссэм Лэсхэн муниципальнэ куейм и социальнэ Іуэхущ Іапі Іэхэр къыплъыхьащ.

ГУПЫМ хэтащ егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий, транспортымрэ гъуэг и унафэщІ зэмкІэ министр Сунш Анжарбий, щэнхабзэмкІэ министр Фырэ Руслан, Лэсхэн куей администрацэм и Іэтащхьэ Мэкъуауэ Арсен, нэгъуэщІхэри.

Комиссэм и лэжьыгъэр Арцыдан къуажэмкІэ иублащ. Ящэ щыкІэ гупым кьыплъыхьащ курыт еджапІэ №1-р. Школым и унащхьэмрэ бжэ-щхьэгъэбжэхэмрэ зэхъуэжмкІэ иублащ. Ящэ щыкІэ гупым кьыплъыхьащ курыт еджапІэ №1-р. Школым и унащхьэмрэ бжэ-щхьэгъэбжэхэмрэ зэхъуэжмкІэ иублащ. Ящэ щыкІэ гупым кьыплъыхьащ курыт еджапІэ №1-р. Школым и унащхьэмрэ бжэ-щхьэгъэбжэхэмрэ зэхъуэжмкІэ иублащ.

Иужьрей илъэсхэм хэхъуащ Лэсхэн куейм кьыщальхъу сабийхэм я бжыгъэм. Абы и щыхьэтщ курыт еджапІэ №1-м 2009 гъэм - сабий 87-рэ, 2010 гъэм - 160-рэ зэрыщІэтІысхьар. Абы нэмыщІ, сабий садым зи щІэблэ зыгъэкІуэну хуей адэ-анэхэм лъэІу тхылъу 87-рэ ятащ. Щыху бжыгъэм щыхэхъуэкІэ, еджапІэ, гъэсапІэ Іуэхущ Іапі Іэхэми зегъэужьын хуейуэ кьоув. Правительствэ комиссэм зригъэльэгъуащ Щэнхабзэмкіэ унэр, кьуажапщэм дэт прогимназиЕ №3 сабий сад-еджапІэр. Мыбы и унащхьэр зэхъуэкІын, сабий джэгупІэр кьэгъэщІэрэщІэжын хуейуэ къыплъыгащ къэщыгтакІуэ гупым.

Комиссэр кІуащ курыт еджапІэ №2-м. Абы и социальнэ Мэшыкъуэ Радимэ яІэпхъэ зыщІэлъэІуахэм ящыщщ шхапІэм щІэтын хуей щІыпІэхэмрэ щІэныгъэм спорт Іэмэпсымэхэмрэ. Идж



ЩIэныгъэлI Хьэкъун Барэсбий псэужамэ, бадзэуэгъуэм и 29-м ильэс 70 ирикъунут

Щэн-къэщэхымкIэ псэуну

● Фэепль

**жьейхэри, къэхъукъащIэ щхьэхуэхэр уигу къэзыгъэкIэри, уеблэмэ тэмдэм уэхэзыгъэнлъэри (джэ абрагъэхэр, дзэл языныкъуэхр). Араущ къыщIэкIынщ IуэрыIуатэми тхыгъэ, усыгъэ Iэджэхэми къэкIыгъэхэм увыпIэщхуэ щIыщаубыдыр, щIыхуэхэм я гукъыдэжым, я гурыгъу-гурыщIэхэм я хэжыпIэу, я дамыгъэу...».

Мы псалъэхэр зей Хьэкъун Барэсбий усакIуэ хьэмэрэ щIэныгъэлI жыуеГэрэ и бзэм, и гупсысэ дахэу лирикэ зэфэкIым. ЦIыхумрэ ар къызыхуигъэщIа Iэщlагъэмрэ зэрыгъуэтамэ, фIыуэ зыхищIыкI и лэжьыгъэ зэрытепсэльыхьыр усэбзэу къыщцызыгъэхьу щIыхуэ гъуэзэджэхэм, закъуэтIакъуэхэм ящыщщ Барэсбий. Мэкъумэщ щIэныгъэм пылъ къуэ щыIэщ, ауэ ар лъэпкъым и тхыдэм, и бзэм, и щэнхабзэм, и псэм, и узыншагъэм зэрыпыщIа щIыкIэр Барэсбий хуэдэу куууэ зыджа щыIэу сыщыIуэ зэхъкъым сиу щхьэкIэ. Ар «щIэныгъэлI» псальэр зыхуэфащэ дыдэщ, абы кьинэмыщIауи, Iэпэlэсэщ, псальэм папщIэ, уэн лъабжьым щхьэщIэдзауэ бжэм иратыж Iункlыбзэм нэс езыращ зыщIар и жьыг хадэм унэ щыхигъэувэм. Сыкуэсакьыпэу си унагъэм

Ахэр псори лъэпкъыр дызэрыгушхуэнщ. Ахуэзэ фIыгъуэхэр тхъумэн, едгъэкIэжуэ и гущIэ.

БЭЗЭМРЭ ЩЭНХАБЗЭМРЭ. Адыгэбзэм и дахагъыр, и беягъыр, и щэрыуагъыр къэзыгъэлъагъэ щапхъэхэр гъуэнэщ. Сэ къэкIыгъэщIэхэм ехьэлIауэ пасэ зэманыжьым псэуа адыгэ усакIуэжьхэм зэхалъхьауэ щыта усэхэм сагъэпейтей. Абыхэм ящыщщ «Дыдэ къуэнагъым и гъыбзэр».

Абы экологие къэзныгъэу щIыхум хилъхьэм нэмыщIу, ботаникэ хабзэкIэ къэкIыгъэр зыхуэдэм топсэльыхь, абы и пхъэр кьыэзрагъэсбэп щIыкIэр тхащ усэбзэкIэ.

ДыкъунагъыщIэр
кьысфIащ,
Бгыщхьэм и льагъэм
сыщокI,
Си щхьэкIэр уэзгъуэ
льоIэ,
Уэсэпсым кьабзэу
Сетхьэщ...

Апхуэдэ кьабзэщ «Пхъэм и тхъэсыхэр» зэрытхари. Ар жьIэкIэ зэтемыдхуэ зыбжанэ мэхьури, зым нэхьрэ адрейр нэхъ гъэщIэгъэныжь, бзэ нэхъ дахэжкIэ тхащ. Мис апхуэдэхэрат адыгэ щIыхуэмчыр, мэзфор, мыIэрысэр, кхъужьIэрысэр, жьызмыр зи Iэнэм темыкI абхъазхэм, шапсыгъхэм ноби лIыщIыгъуэм нэс къэзыгъащIэ куэд яхэтщ. Ди лъэпкъыгъэмкIэ щыIэ адыгэ аркьафэхэм и льэпсэ 40 - 50 нэхъыбэ кьагъащIэрэ щIыкIэ.

Эдмонд Спенсер тIэу-щэ кьытригъэзэжурэ адыгэшхуэм и фIагъым, зэрыхущхъуэм топсэльыхь. Нобэ адыгэхэм щхур яфIокIуэдыжь, куэдым жэм зэрахужьыкрыми, сабийхэр гъэшIыншэу кьагъанэ. Ахэм псоми узыншагъэр ельытащ.

- Яп щыкIэ къэкIыгъэнIуэ 1000, аргуэру уелъжьжа. Хэбгъэхуэ нэужькIэ 1500-рэ ягу псальалъэ кьыдлэбгъэкIам уигу хуэзэуа, абы и деж щыбгъэувыда а лъжьыгъэр?

- «Адыгэ къэкIыгъэнIэхэм» фIэщыгъэ 1500-рэ итщ. Иорданием 1991 гъэм сыщыкIуам зы тхъэмахуэ хуэдизкIэ къэкIыгъэ зэхуэхьсакьыжьи Iуэху зесхуати, щIэуэ фIэщыгъэщIэ 50 стхыжат, 1999 гъэм тхъэмахуиткIэ Шапсыгъым фIэщыгъэщIэ 200-м нэс щIэуэ щыгъэхъэсхьажауэ щыта. Тыркуэм щыпсэу адыгэхэм мазитI хуэдизкIэ сахэтамэ, фIэщыгъэщIэщIэ куэд ящыгъи дгъуэтынут. Мэздгу адыгэхэми зэи сахьыхьфакъым, Адыгеей кьуажэхэри фIыуэ щIэщыкIын хуейщ. Ауэ иджы къэкIухьынымрэ апхуэдизкIэ льапIэ хъуащи, ящэн хуэдэу, си мылькуIэ сэр-сэрыу зыкIэту сежьэфыркъым. Абы кьыхэкIыу ди гум кьыщIитхьыурэ зыгъуэр кьыджеяIэфыну адыгэ лIыжьхэ-фIызыжьхэр дунейм ёIэхьаж. ЛIы закъуэ кьыдгъэгушхуэм зыщепщыгъкIэ псори пхуэзфIэкIыркъым, ауэ иджыри кьэзгъэзыуыIакъым.

- Борис, уи псальалъэр егъэджакIуэхэм, журналистхэм дЭзнЫкьуэгъупхуэу диЭщ, ауэ адыгэм яЭщIохуэкIыпэ яхъыкIыр жыгъэм, удэхэм зрелажьу щытар. Ар апхуэдэу щIэхъуи и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр ботаникэ, биологие дерсхэр адыгэбзэкIэ зэрыраныгъэжIэкIыр, анэуэдэ тхыдыхэр сабийхэр димыльэхьынкIэ Iэмал имыIэу и бзэкIи и гъэщIэрэщIэкIэкIи гъэмэ и къызэрыдмыкIыр арац. «Борис, ненэ нЫбжьым уцынэсакIэ, тIыси кьурыт еджапIэм щIэсхэр зэредгъэжэн тхылъ анэдэлхъубзкIэ тхуэтхэ», жаIуэ республикищым я правительствэхэр е щIэныгъэхэмкIэ министерствэхэр кьолъхуатэм, жаIуэ цихьынт анухуэдэ дежьыкIэ? Уэ нухуэдэ мы Iуэхуэм фIыуэ хэзыщIкI зэрыщымыIэм, уэ ббгъэдгъэщIэныгъэ лъапкъым зэрыхуэдмыгъэлъэжьэфыр сигу къыоэри арац мы ущIэр згъэувынир кьызыхэкIыр.

- Адыгэхэр псори дызэкIзэщIыкащи. Кьэбэрдей, Шэрджэс, Адыгей, Шапсыгъ, Мэздгу жаIэу дызэфIэтхащи, кьыдэхъулIэркъым адыгэбзэр къэралыбзэ нэс хуэныкъым. Бзэр мэхьэщIыщ дежи, ботаникэм дежи, математикэм дежи, н.къ. щIэныгъэхэм дежи, щымыщлажьэкIэ, хуэмурэ мэжьых. Литературэ кьудейкIэ, бзэр дежьи кьудейкIэ адыгэбзэм зиужьыкнукъым. Щымыхьжьым, адыгэхэм курыт еджапIэм адыгэбзэкIэ ботаникэр, зоологиер, математикэр, физикэр, географиер, тхыдэр, н.къ. щыгъэдэхэмэ, бзэм зиужьыщнут. Ехьатэныдэж Мухьэрбий тхьэм игъэкIуу, Налшык мэхьэмэщ еджапIэ нэхъыщхьэм дежи адыгэ кьэкIыгъэщIэхэмкIэ адыгэ щIалэгъуалэ япкърыупщIыхьэр зачет яхуигъэувы, жаIэу зэхэсхати, си гуапэ хъуащ. Щымыхьжьым, фIэщыгъэщIэщ хуэдизэ ящIэмэ, ари фIыщ.

Шэч хэлъкъым, мэкъумэщ, ботаникэ, зоологие, экологие щэнхабзэм теухуауэ ар яджыну борш яхуэщIатэмэ, сэбэн хъунут. Сэ апхуэдэ тхылъ стхыну си щIэ кьыдалъхьэтэмэ, си махуэу къэслытэнт. Ауэ ди министрхэм, ди республикэ унафэщIхэм апхуэдэ Iуэху я щIыкIыным кьыхэмыкIуэ кьыщIохуэ.

- Мэкъумэшым, щIым я щIыкIэм фIыуэ щыгъуазэ уэ дауэ уеплъэ: ди щIыналъэм «хуэщIыну» щIыку бжьыгъуэ щ1 хъуар? Сытым кьыхэкIа иджырей щIыкIыгъэ - щIыкIуэрэ Iэщыпэ я щхьэ-щIыр ди щIыгум кьыхуэтемыхьыжьыр?

- Нобэ ди къэралыр зытеуа гъуэгум мэкъумэшым уелэжьыныр фейдэнщэ ищIащ. Трактороэм, комбайнхэм, жьыдасэхэм, пхъэIащхэм, гъэсыным, дагъэм, электрокъэрэм я уасэр уафэм дразуеящи, хьызмэтхэм я нэхъыбэм ахэр къахуэщхъэрыж. УнафэщIхэр щхьэрыутIыпщ ящIри, зэбгрыагъэлъэфащ хьэшэрэщхэр, предприятэхэр, заводхэр, фабрикэхэр. Ди адэ тхъэмыщкIэм абы и IуэхукIэ сыщеупщIым кьызжиIэгъат мыпхуэдэу: «Лъэмыжьыр жьы хуэмэ лъымыжьыщIэ ящI, ар щIэуэ яхуэхукIэ лъэмыжьыжьыр кьаГъэсэбэп, щIэр хьэзыр зэрыхъуэ жьыр якъутэж, зыгуэр кIуэщIрыхуэу имыуэкIын щхьэкIэ. СистемэщIэ ящIын кьрамыгъажьэ щIыкIэ хьэлэмэту лажьэ системэжьыр лIыгъэ ильхьэпIэ ящIри зэхакъутащ. Нобэ жьыри лжьэжьыркъым, щIэи щыIэкъым. Ди Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм дежьи, мэлу, щыуэ, джэдкьазу 1985 - 1990 гъэхэм яIыгъар хуэдэ куэдкIэ (5 - 10-кIэ) машIэ ящIащ нобэ. «Частнэ» секторым куэд щыIэщ» жьыхуаIэр пщIыщ, сыту жьыпIэмэ, мэкъумэщым зэрагъэхьэзырыр техникэ щIыхуэм я1экъым, гъэсын, дагъэ кьахуэщэхуэркъым. Мэкъумэщ умыгъэхьэзырауэ, Iэщым щIымахуэм сыт ебгъэшхынр? Кьуажэм дэс щIыхуэхэр (щIалэгъуалэр) щэн-къэщэхуным хэтщ, ар нэхъ фейдэщи. Аркъэ кьыщIэбгъэкIыныр куэдкIэ нэхъ фейдэщ щIымуетэжьыр, Iэщ, мэл, джэдкьаз зепхуэн нэхъри. КъШР-м гъэ къэс мывауэ, щIы яутIыпщыжауэ отчетхэм кьыщагъэльагъуэ гектар мин 12 - 15. Ауэ сэ фIыуэ сощIэ а бжьыгъэр мин 20-м зэрыблихур. ЩIыгуми дунейми зыри я лажьэкъым, лажьэ зиIэр мы Iуэхур зэтезымыублэфхэр.

Лъэныгъэ эфэхэщу здэщымыIэ жьыларыуэм, дэжьыкIэм гульытэ хуэзымыщI кьэралым, щэн-къэщэхуи кьудейкIэ псэун зи мурад кьралым кьэкIуэныфI иIэу сухъыIэнукъым, ди жагъуэ зэрыхьэщи. ЩIым ди щIыхуэр тэрэзу телъжьыхьтэмэ, Iэщыщхуэр, мэлыр, шыр хъунIэхэм куэду щыIэрахуэтэмэ, ди республикэхэм ис щIыхуэхэр шхын щыщIэнутэкъым.

Агроному лжьэ куэдым щыIу кьащта щхьэкIэ, фейдэ кьахуихьыркъым. Фермерхэм закъуэтIакъуэ яхэтщ нэхъ зыкъаIэта хуэдэу. Ахэм щIыгу елэжьыным кьынэмыщIауэ, щэн-къэщэхуми зратащи, зыгуэрэр заIыгъ. Надогхэм хъэмэтхэр ефхъэIэ. Иджыпсту бухгалтерхэмрэ экономистхэмрэ щIэтэнауэ йогупсыс налогхэм кьызэрыпэкIухьынкIэ Iэмалхэр къэгъэтыным. Зи щхьэхуэдэжьэ фирмэ куэдхэм щIыхуэм лжьэшащIэу ират псор бухгалтерие тхылъхэм ирагъэркъым, налогхэр ямытын щхьэкIэ. Жьыгъэнраккъэ, хьэзмэтхэр укъуэдияуэ лжьэным фейдэ кьихьыркъым. Дауэ мыхъуами, унагъэхэр я унэ хадэхэм, хадэ щIыкIу къэгъэкIыным, Iэщ, мэл, бжэн, шы зехуэным, джэдкъаз пIыным тэмэму пымыльмэ псэуфынукъым. Щэн-къэщэхуным (сондэджэрыным) адыгэ щIыхуэр зэфэхэщу ельэIуэд.

- Борис, уэ куэд щIауэ узощIыхуэри, щыгъуэ кьыскуэбдзэхэнумэ, укъыззрысщыхуэр жьеIэнут; уэ удыдзнэзщ, узэрыщIэныгъэлI телыдджэм кьынэмыщIауэ. Сытым хуэзэувэзэр уи псэр, ди къэралыр, жьыгагъуэ зэхэтыкIэм, щIыхуэм я псэукIэм, ди щIыхьэм и нобэм, пщIэдейрей махуэхэм ущегупсыкIэ?

- Дэтхэнэ адыгэ щIыхури нобэ зэрыпсэуным емыгупсыс хъуркъымиз, нэхъфIт я гупсысхэр щIыхуэ зыщIауэ дзжькIэм зэрытеувэжьыным хуэгъэзагъэтэмэ. Уэ кьэбдлжьыкьым хуейщ бззэрым тепхьэну узыхуей шхынхэкIыр, хъэпшыпыр. Ар Iищ-Итхум Iэщlыхьэу, дэтхэнэ зыми аби и уасэр процент пщIы бжьыгъэкIэ дригъэуейкIэ щIыхуэхэр псэуа хъунукъым.

Си псэр хуогъэзаву адыгэхэм щIыуэ кьыдгъэбзыпIар зэрымацIэ дыдэм, абыи тэрэзу дызэремыгъэлъагъэкъым. ЩIым елэжьынымрэ фейдэнщагъэм щIыхуагъакIуэм и кьежьапIэр щIыр мылъку зэзыльэфэлIахэм ярищэн мурадыр кьэралым куэд щIауэ зэрИгъащ. ЩIыгур кьуажэхэм кьытрахыу ящIэмэ, ди адыгэхэм я Iуэхур екIэIуэнущ. ИгъащIэ лъандэрэ адыгэхэр, псом хуэмыдзу бесыльнейхэр, дзейуэ, жьыгъ псокIэ щIым елэжьу щытащ. КьрахьэлIыжьа дзжьыгъэри (щхьэр и щIыгу кьытеклар) и унагъуэ ирищэлIэжьыр. ЩIыр ящIэмэ, адыгэ щIыхуэм кьхуэдэхуэщI бейм хуэгъэзэнж. Ар зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыжьым идэнукъым. Дэтхэнэ адыгэри егупсысын хуейщ хэкIыпIэ тэмэм мы зэман бзаджэм кьызэрыхуигъуэтынэм.

Адыгэ щIыхуэ ефакIуэ сльагъуныр си жагъуэщ. Адыгэ унагъуэ зэхэмыбгъэ сыщрихьэлIэкIэ Iэльэмыкъуэ сохьу. Адэ-анэхэр быдзэ тэрэзу зыМыгъасэхэм ущыхуэзэхIэ, щыкIуроIуэ ди лъэпкъ щэрхъыжьымэ ахэр гульэф зэрыхуэхьур.

Кавказ Ищхьэрэм дыщыпсэу адыгэхэр, республикищым иц адыгэхэр нэхъыбэрэ дызэрызэхьэныным зэрыльхъэзэрыпIу дыпсэуным дыпымыльэ, ди лъыр екIэкIэуэщ. Лъэпкым зиуэщIыщ щхьэкIэ, щIыхуэм я гъыр кьабгъэу щытын ящIэ, мелуан хуэздиз зытщIын хуейщ. Армырамэ, щIэныгъэм кьызэригъэльагъэуэмкIэ, декIэкIуэнущ. Ди адыгэ унагъуэхэм сабийхэр куэду зэрамыIэм лъэпкыр егъэужьыс, адэ-анэхэм геныфIу яIэм зрагъэукъуэдийркъым.

Ауэ си фIэщ мэхъу, хамэ къэралхэм ис адыгэхэр я Хэкужьым кьызэрекIуэлIэжьнуэр, абыхэм дуней псом фIыгъэу кьащыкIэрыпщIар кьызэрыздахьынур, мелуан бзаджэ дыдзэрыльхьынур. Тхъэм дигъэльагъу ар.

ШИРДИЙ Марин.

Къуэпсыр мажэри, жьыжьэ къыщокI

щIызызохьэ Барэсбий ищIа чы матэ лIэужьыгъуитI. Ахэр абы тыгъэ кьыскухущIат и фэепльу зесхьэм и гуапэу.

- НэгъуэщI зыри умыщIами, Барэсбий, кьыкIыгъэхэм я псальалъэ зэрыгъэхьэхэм папщIэ фIыщIэ жьыцIхуэфащэт, КъэкIыгъэщIэхэр щыптхыжьым щIэныгъэ. Тхыдэ, дзжьыцIхуэ кьэпIэтамрэ щIыхуэ узэпсэльамрэ кьажэнха гупсысэм мыпхуэдэ Iыхьэуэр гуэщIауэ утеэзъщсэлъыхьынут: тхыдэ, бзэ, щэнхабзэ, узыншагъэ.

ТХЫДЭР. Иужьрей лIэщIыгъуэтIым тфIэкIуэдар. Ди гугъу сшIыр кьэкIыгъэнIэ куэд зрыгъэщIэхуам и закъуэкъым, атIэ адыгэм кьадгъэугурыкIуэр, яхъэбагъуэу щыта кьэкIыгъэхэм (Iэщlыбзщlан-ямыщlанэ угухэтепсэльыхьыну, ди щIыналъэм щызекIуэ щIэныгъэлIхэм адыгэхэм я хадэ зехьэкIэм, мэкъумэш елжьыкIэм теухуауэ жаIам щыщу нэхъ гъэщIэгъэн кьыщыкъуам дыщыбгъэгъуэзэну сыхуейт.

БЗЭР. Анэдэлъхубзэр зэрыбейм, зэрыщрыкуэм, зэрыдахэм и щыхьэту сыт хуэдэ щапхъэхэр кьытхуэхьыфынут?

ЩIэнхабзэр. Лъэныкъуэ зыщIыкIыр зыхуэдам, набдзэгубдзаныльэ, кьэкIыгъэхэм зхуэсу зэрыщытам и щапхъэ дебгъэдIэуэну сыхуейт.

УЗЫНШАГЪЭР. Щыхуэ зытепсэухь щIыналъэм кьыщыкIращ ищхьи хуейуэ кьалытэр, узыншагъэхэм ар нэхъыбэу жаIэ. Уэ сыт жьыпIэфыну абы теухуауэ? Дэ абы дытекIа ди узыншагъэм зэран дызэрыхуэхъужьи хуэдизкIэ?

- Ар ящIэ. Мы псалъэхэр зэрыгъэщIэ щIыкIэ. Ар ящIэ. Ар ящIэ. Ар ящ

зи мурад къэралым фІы къыпплъэркъым

Бгыщхьэм и лъагэм сыщокІ, Си щхьэкІэр уэгум лъоІэс

МЫ ТХЫГЪЭ кІэщІым псалъащхьэ хуэсщІа усэ сатыритЫр кьыхьыхэхар Хьэкъун Барэсбий игъэщІагъуэу куэдрэ зытепсэлыхь, игъэщІагъуэ пэтми хуэмыух «Дыкъуэнагъ гъыбзэрщ». КьыщІыхэсхари а псалъэхэр езы Барэсбий есхьэлІэн мурадкІэт, ауэ псалъэ хэІэтыкІа хуэкьпІэныр абы егъэлеяуэ зэрижэгъуар кьэсщІэжри, адэкІэ пызмыщэм нэхъыфІу кьэслъытэжащ.

Дэ тщыщ куэд зэрэщыгъуаэзщи, Хьэкъун Барэсбий и гуащІэ кьыдэкІащ щІэныгъэ-къэхутакІэу институт псо зэрыгушхуэ хуэм лэжьигъэ - еш имыщІэу и эмани, и мылькуи, и щІалэгъуэри тригъэкІуадэурэ, абы адыгэ жылагъуэхэр ильэс бжыгъэкІэр кьыззхикІухьри, адыгэ кьэкІыгъэщІэу 1500-м нэс зэхуихьэсжащ, ахэр итуи тІэуцнёйрэ (1975,1982 гъэхэм) тхылъ кьыдигъэкІащ. ЩІэныгъэ лжьыгъэшхуэу зэрыщытым нэмыщІкІи, абы мыхьэнэуи иІэр кьэлытэ- гъуейщ нобэрей щІэблэр зэпплъэкІыжу ди нэхъыжьхъэм ябгъэдзэлъ щІэныгъэмрэ Іуащыгъэмрэ егупсысжьынымэ зэрехьуаэ.

Ахуэдиу Хьэкъунар ильэс куэдкІэ яужь итащ адыгэхэр мэкъумэшым зэрелэжьу щытта щІыкІэр зэфІэгъэувэжьным, лъэпкым ищІэу ськудекІуэкІа мэкъумэш къэкІыгъэхэр зэхэутэжьным. Сыт и уасэ, псалъэм папщІэ, ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм кьадэгъуэгурыкІуэ гъаэр ильэс Іуащэ абы Іущщу тригъэкІуадэу кьызэригъуэтыжамрэ ар зэрригъэзгъуэжамрэ. А къэкІыгъэм теухуаэу езы Барэсбий мыпхуэдэу итхаэу щытащ: - «Гъаэр ди шхыныгъуэхэм кьыхэдмыгъэхьжынкІэ Іэмал иІэкьым, сыту жыпІэмэ, а къэкІыгъэр щІым, псом хуэмыдэу сабийм ебгъэшхмэ, алдергиер егъэкІуэд. Абы кьыхэкІыу Кьухьэпі Европэм щыщ къэрал куэдым гъаэр зэщІащахуэ, зы килограммым доллар 12 - 14 щІатурэ. Абы щыгъуазэ урысей хьэрычэтыщІхэр ди ужь кьихьауэ щытащ гъаэ тонн 60 хуэдиз тІэщІагъэкІыну. Ауэ ди институтым и унафэщІ Ерыжь Кьэхьэрэ сэрэ ахьшэм зыдедмыгъэкІыну и гуащІэ кьыдэкІащ щІэныгъэ-къэхутакІэу институт псо зэрыгушхуэ хуэдизыр щхьэкІэ.

Ахуэдэу Іуэхум бгъэдыкьэфынрэ кьызыхэкІа лъэпкым псэкІэ хуэпэж, абы и кьэкІуэнум фэрыщІагъэ лъэпкъ хэмылъу иригузавэ щІыхурт. Барэсбий апхуэдэ адыгэ щІалэу зэрыщытам, дауи, кьежьапІэ хуэхъуащ ар щэрджэс тхакІуэ щІэрыІуэ Хьэкъун Исуф и унагъуэ щыпкъэм кьызэрыщыхъуэри. Абы и щыхьэтщ а унагъуэм щапІа зэщ-зэщыпхьибгри я гъэсныгъэкІи, я ІуэхущІафэкІи, я адыгагъэкІи зыхэтхэм кьазэрыхъэщІэн. Лъэныгъэ телныджэщІэн Хьэкъун Барэсбий и Іэдакъэ кьыщІэкІа «Мылъкум ефІэкІ хъугъуэфІыгъуэ» зыфІища тхылъыр.

Мыбы Хьэкъунар мэкъумэш щІэныгъэм зэрыщыбгъэдыхьэри зэрыщытетхыхьри зыми емыщхьэщ. Адыгэм мэкъумэш щэнхабзэшхуэ зэралъ щыхьэт техІуэ щапхъэхэр абы Іущщу кьыхилъагъкІащ ильэс мин бжыгъэ я ныбжьу Іуащхэжьхэм кьыщІахьжа хьэпшыпхэми, пасэрей зекІуэлІхэм я тхыгъэхэми, щІэныгъэлІ щІэрыІуэхэм я

ГЪАЩІЭМ лъэжь ин кьыщІыхэгъэна, ди лъэпкъ щІэныгъэхэм ящІэ, ди лъэпкъ щІэныгъэ-къэхутакІэ ди псалъэр кьыщІэздзэнщ Барэсбийрэ сэрэ ди ныбжьэгъуфІа Мыжей Михаил къыжьэдэхэуэ щытамкІэ. Зэрынаіуэщи, «КъэкіыгъэцІэхэм я псалъатъэр» япэу кьыщыдэкІар 1975 гъэрщ, псынщІэ дыдэуи зэбгрыкІат. Къэрарей-Шэрджэсым и щІэныгъэ хуэ институтым щылажьэ Мыжей Михаил Налшык Іуэхуфі кІуаэу Шорт-эн Асэрбий хуоэз.

- Мыдэ, фи деж къэкІыгъэцІэхэм ятеуха тхылъ щхьэпэ кьыщыдэкІауэ зэхэсхащи, Налшык щыдгъэузыркъым, ар кьытІэрыхьа зэрыхьуным и Іэмал гуэр умыщІэу пІэрэ? - кьыжриІащ.

- Уэлэхьи, а жьыхуэпІэр Черкесскэ дыди щамыпэуэтыжьу, Барэсбий зэримыІэжьыр фІыуэ сощІэ, ауэ зиІэ щыІэмэ сыпхущІэупщІэнщ, - къеІэзэгуэ Мишал пщІэ ин зыхуниІ и ныбжьэгъу нэхъыжьыр.

Абы щыгъуэм зыгъэпсэхуГъуэ махуэхэм ди жыг хадэхэрат зэІущІапІэу диІэри, Налшык зэрыщыІар Мыжейм абдежым кьыщыджинЗжащ икІи кьызэпплъэрэ: «Аскэрбий и пащхьэ сыщумыгъэуэкІытэну сыщогугъ, а быдэу бгъэтІылъахэм...»

- КьызгурыІуащ, Мишэ, - и псалъэр и кІэм незгъэзгъэсакъым. - А быдэу згъэтІылъахэр и кІэм ноблагъэ, ауэ абыхэм ящыщ зы Аскэрбий нэх зыхуэфащэ, дауи, кьыкьуэкІынкьым, уи напэри тедгъэкІынкъым.

Арати, етІуанэ тегъэзэгъуэм Шортэным иритащ кьыдзэригъуэгъаер. Аскэрбий тхылъыр зэпиплъыхьащ, напэ гуэрхэр зэригъэдзэкІри: «ИкъуэкІэ лэжьыгъэ щэнхабзэ къудамэр зэман гущІэгъуншэм и жьым зэрипхьэхыр зыхещІэри, мэгузавэ, мэпІащІэ, ікьелъытэ «кьыззэрымыкІуэу щыуагъэу. Налшык, Черкесск, Мейкьуапэ дэт щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтхэм щылажьэ щІэныгъэлІхэм зауэм и пэм, зауэ нэужьым адыгэ кьуажэхэр кьыззэхакІухьуэрэ лъэпкъым и Іуэрыіуатэр щызэхуахьэсыжьым, къэкІыгъэцІэхэр, псэущхьэцІэхэр, мэкъумэш, ботаникэ, зоологие, экологие щэнхабзэм и кІамэльамэхэр кьэзыгуГъуеижьыи эзрахэмытар».

Хьэкъуным щхьэкІэ зэхэсхами и тхыгъэ щІэзджыкІахэми хьэкъуи си фІэщ ящІ Барэсбий сыт и лъэныкъуэкІи адыгэлІ нэсу, псыхьауэ зэрыщытар, псэ кьабзэкІэ адыгэм кьызэрытхуэлэжьар.

Пасэрейм жиІакъэ: зумыгъэзахуэри уиныІэри Іыри зыщІ. Мыбдежым «зэгъэзахуэ» псалъэм кьинкІыр «кьыдэгъэхуэн, мардэ, пщалъэ хэам тету кьэгъэсэбэпын- мыхьэнэм и закъуэкъым.

Фи нэгу кьыщІэзгъэкъат щэнхабзэ къудамэр зэман гущІэгъуншэм и жьым зэрипхьэхыр зыхещІэри, мэгузавэ, мэпІащІэ, ікьелъытэ «кьыззэрымыкІуэу щыуагъэу. Налшык, Черкесск, Мейкьуапэ дэт щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтхэм щылажьэ щІэныгъэлІхэм зауэм и пэм, зауэ нэужьым адыгэ кьуажэхэр кьыззэхакІухьуэрэ лъэпкъым и Іуэрыіуатэр щызэхуахьэсыжьым, къэкІыгъэцІэхэр, псэущхьэцІэхэр, мэкъумэш, ботаникэ, зоологие, экологие щэнхабзэм и кІамэльамэхэр кьэзыгуГъуеижьыи эзрахэмытар».

Хьэкъуным щхьэкІэ зэхэсхами и тхыгъэ щІэзджыкІахэми хьэкъуи си фІэщ ящІ Барэсбий сыт и лъэныкъуэкІи адыгэлІ нэсу, псыхьауэ зэрыщытар, псэ кьабзэкІэ адыгэм кьызэрытхуэлэжьар.

Ижьыгъэ ин кьыщІыхэгъэна, ди лъэпкъ щІэныгъэхэм я

● Футбол

Кержаковыр топым йоуэри...

...Файзулиным ар ди гъуэм дегъэкI.

Ди гъэсэным дыкъыхегъэщIэж

«Зенит» (Санкт-Петербург) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (1:0). Бадзэуэгъуэм и 31-м. Санкт-Петербургым, «Петровский» стадион. Щыкъ 20000 еплъащ.

Судьяхэр Баскаков, Аверьянов, Чельцов (псори Мэзкуу щыщщ).

«Зенит»: Малафеев (Бородин, 46), Анюков, Губочан, Лукович (Ломбертс, 46), Бруну Алвеш, Данни (Зырянов, 75), Денисов, Файзулин, Хусти, Кержаков, Лазович.

«Спартак-Налшык»: Фредриксон, Куликов, Лебедев, Леандрэ, Джудович, Багаев, Захирович, Шаницин (Пилипчук, 46), Гъуэщокъуэ (Гриднев, 46), Концедалов, Сирадзе (Милич, 64).

Топыр дигъэкIащ Файзулиным, 23 (1:0).

Дагъуэ хуащIащ Джудович.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Зенит»-мрэ я зэIущIэхэр сыт щыгъуи гъэщIэгъуэн зэрыхъур икIи абыхэм топ куэд зэрыщыдагъэкIыр фIы дыдэу зыщIэ топджэгум дихьххэм вэсэпшыхь Санкт-Петербургым и «Петровский» стадионыр из ящIащ. Абыхэм яхэтащ Къэбэрдей-Балкъэрым икIаехэри.

Зыдумысыжьынщи, мы зэIущIэм фIы гуэркIи дыщыг угъырэтэкъым. Щхьэусыгъуэр - зэпэщIэувахэр я къарукIэ хэпщIыкIыу зэрызэщхьэщыкIырщ. Сыт, къапщтэмэ, ди щIалэхэм яхуещIэнур Урысей Федерацэм, Бельгием я командэ къыхэхам щыджэгухэм ящыщхэр адрейхэм нэхьрэ нэхъыкIэу къалытэу джэгум къыхэзымыгъэхьэ хьэрхуэрэгъуэм?! Абы щыгъуэмкIи ящыгъуэ ящыгъуэ щIалэхэр нэхъыфIащ икIи премьер-лигэм и командэ пашэмрэ къыкIэрыхухэм ящыщ зымрэ зэдэджэгуу къызэрыпщIэн щыIэтэкъым. АрщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхьунщи, зы топ нэхъ мыхъуми я хьэрхуэрэгъуэм худагъэкIыну налшыкдэсхэм я зэфIэкIыр нэсакъым.

Зи гугъу тщы зэIущIэм зы Iуэхугъуэ хьэлъэмэти къыщыхьуащ. Иужь дыдэу судьяуэ абы щылэжьащ Басканов Юрэ. Ар иджы Урысей Профессионал футбол лигэм и къулыкъущIэхэм ящыщ зы хъунуц.

Премьер-лигэм щекIуэкIа епущыкIуиягъ джэгугъуэм къыхэзгъэщхьэхукIыпхъэщ Сыт щыIэу Махьэчкьалэ и **«Анжи»-р,** махуищ и пэкIэ Черкесиным хэм я Лигэм Киев и «Динамо»-р щыхэзыгъэщIар, щыIпIэ **«Рубин»-м** 3:0-у зэрытекIуар. Апхуэдэ дыдэ бжыгъэщхуэкIэ **«Локомотив»**-р Дон Iус Ростов щыIэу **«Ростов»-м**ефIэкIащ.

Адрей командэхэм я зэIущIэхэм я гугъу пщIымэ, абыхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр я къарикIуащ: **«Томь»** (Томск) - **«Тэрч»** (Грозный) - **0:1**, **«Спартак»** (Мэскуу)- **«Кубань»** (Краснодар) - **1:1**, **«Динамо»** (Мэзкуу) - **«Волга»** (Новгород Ищхьэрэ) - **2:0**, **«Краснодар»** (Краснодар) - **ЦСКА - 1:1.**

«Крылья Советов» (Самарэ) - **«Амкар»** (Пермь) зэIущIэр щыIэхэтар дыгъэпшыхьщ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм щекIуэкI зэхъэзэхуэм ипкъ иткIэ къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» щыщхьэIум и 7-м иригъэкIуэкIыныщ. А махуэм ди щIалэхэм кьратгъэблагъэнущ Къэзан и «Рубин»-р.

Зэ I у щ I э м и к I э у х м ди ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм зэхъэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. ЦСКА	18	12	5	1	36-12	41
2. «Зенит»	18	10	6	2	28-12	36
3. «Динамо»	18	10	5	3	29-18	35
4. «Анжи»	18	8	6	4	20-14	30
5. «Рубин»	18	8	6	4	24-16	30
6. «Локомотив»	18	8	4	6	31-22	28
7. «Спартак»	18	8	4	6	20-20	28
8. «Кубань»	18	7	4	7	19-18	25
9. «Краснодар»	18	5	8	5	21-24	23
10. «Тэрч»	18	5	4	8	14-18	22
11. «Амкар»	17	5	4	8	12-23	19
12. «Томь»	18	4	7	7	18-28	19
13. «Волга»	18	5	1	12	17-23	16
14. «Ростов»	18	3	4	11	19-33	13
15. «Спартак-Налшык»	**18**	**2**	**7**	**9**	**15-25**	**13**
16. «Крылья Советов»	**17**	**2**	**5**	**10**	**9-26**	**11**

Хэгъэрейхэм я егъэзырыкIуэныгъэр Фредриксон кьыззепеуд.

ЗэIущIэ нэужьым

ТАШУСергей,
«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:

Дытемыгушхуащэу къыщIэддзат

- Джэгум и яп Iыхьэм щынэрылъагъут дытемыгушхуащэу къызэрыщIэддзар. Абы щыгъуэми ди щIалэхэр къызыхуедджар жьыджэрагъымрэ егъэзырыкIуэныгъэмрэт. ЕтIуанэ Iыхьэм Iуэхур нэхъ къыдэхъуIащ. Дакъикъэ пщIыкIутху-тIощIкIэ тепщэныгъэр тIыгъащ, топ тхудэгъэкIыныи щыташ. Ди гъуащхьэхъумэхэм я джэгукIэм аргуэру арэзы сыкъыщIакъым - ноби абыхэм щыугъэ куэд дыдэ яIэщIэкIащ.

- Гъуащхьэхъумэхэм щIэгъэкъуэныфI яхуэхъунут фэбжь игъуэтауэ иджы зы узынщагъэр зэфIэувэж Филаторыр. Ар фи командэм хэкIыжу ара?

- Дэ ар къызыхэдгэну дыхущIэкъуащ, щысымэджами сыт и лъэныкъуэкIи дыдэIэпыкъуащ. АрщхьэкIэ Филатовым «Ростов»-р къыхихащ.

СПАЛЛЕТИ Лучанэ,
«Зенит»-м и тренер нэхъыщхьэ:

Нэхъ лъэщыр хэтми зэхэкIакъым джэгур иухыху

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, мы зэIущIэм хэт щытекIуэнуми иужь дыдэ дакъикъэ пщIондэ зэхэкIакъым икIи абы къарууплъхэ тфIихьащ. Апхуэдэу щыт пэтми, нобэрей текIуэныгъэр тхуэфащэу къызэлъытэ, джэгум и етIуанэ Iыхьэм нэхъ дыхуэмыхуами.

- Малафеевыр пхъуэжьныр къызыхэкIар сыт?

- Славэ и лъакъуэр кьеуэ хьуат икIи кIуэ пэтми ар нэхъ зыхищIэрт. КъыщыщIар дохутырхэм зэхагъэкIыну дыпоплъэ икIи псори тэмэмыну дыщогугъ.

- КъыкIэлъыкIуэу ЦСКА-м фыдэджэгунущ. Абы фи щIадэхэр нэгъуэщIу хуэзгъэхъэзырыну?

- Дэтхэнэ футболистми, ар и Iэщ I агъэзу щыщIыткIэ, и зэфIэкI псори сыт щыгъуи джэгунIэ губгъуэм къыщыгъэлъэгъуэн хуейщ. Армырамэ, ехъулIэныгъэ щIэзнэкъым.

ТЕМЫР Дисанэ.

Гриднев Даниил (№14) «Спартак-Налшыкым» и джэгукIэм «псэщIэ» кьыхилъхьажащ.

ТекIуэныгъэр иужь дыдэ дакъикъэм къытхуехь

«Зенит» (Санкт-Петербург) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:1 (0:0). Бадзэуэгъуэм и 30-м. Санкт-Петербург. «Петровский» стадион. Щыкъ 1000 еплъащ.

Судьяр Сараев (Санкт-Петрбург).

«Зенит»: Зайцев, Чеминав, Костин, Манюков (Зиников, 88), Васильев, Бочаров, Каюков, Сушкин, Шувалов (Сиротов, 65), Панфилов, Цыганов.

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Чочуев, Абаэз, Серчэ, Къэзэныкъ, Къумыкъу (Щэуей Алихэн, 65), Щэуей Iэмырхъан (Тебэрды, 90+2), Болэ (Хьэгъобанэ, 88), Ковальский, Мырзэ (Мэкъуауэ, 85), Митришев.

Топыр дигъэкIащ Митришевым, 90 (0:1).

ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

Дагъуэ къыхуащIащ Манюковым, Костиным, Митришевым, Щоджэным, Сиротовым.

Премьер-лигэм и щIалэгъуалэ гуп-хэм нэхъ лъэрыгъэхьэхэм, хэтхэм ящыщ зы, нэгъабэрей зэхъэзэхуэм щытекIуа «Зенит»-р, ди щIалэхэм Санкт-Петербург щыхагъэщIащ.

Джэгум и яп дакъикъэхэм щегъэжьауэ наашыкдэсхэм тепщэныгъэр зугъэпищащыкым. Лхэр хэпщIыкIыну нэхъ Iэзэт, псынщIэт икIи къымыкIуэтт. А псори зэхъыхьэжри, зэIущIэм и иужьрей дакъикъэм «Спартак-Налшыкым» текIуэныгъэр къыхуихьащ. Ди щIалэхэм ящыщу къыхэжаныкIащ Митришев Магомед.

ЕтIуанэу зэкIэлъхьэужьу зэрытекIуэм и фIыгъэкIэ налшыкдэсхэр турнир таблицэм нэхъри щыдэкIуэтеящ. Иджыпсту абыхэм епщIыкIуэнэ увыпIэм зыщагъэбыдащ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ адрей командэхэм я зэIущIэхэр зэрекIуэкIам къарикIуа бжыгъэхэм: «Рубин» - «Анжи» - 1:0, «Томь» - «Тэрч» - 1:0, «Спартак» - «Кубань» - 3:1, «Ростов» - «Локомотив» - 0:1, «Динамо» - «Волгэ» - 1:1, «Краснодар» - ЦСКА - 1:4, «Крылья Советов» - «Амкар» -1:2.

ХЬЭТАУИслъам.

●Къэрэшей-Шэрджэс

Ермэлы усакIуэм и «Убыххэр» ягъэлъапIэу

Хьэбзэ къуажэм щекIуэкIащ Сочэ щыщ усакIуэ Мазлумян Крикор и «Убыхэр» поэмэм хуащIа зэхъыхь.

УРЫСЕЙМ щыщIэрыIуэ, Лазаревск Лъэпкъ щэнхабзэхэмкIэ центр кьыщыззэзыгъэпэща, а цIэр зезыхьэ куейм и щIыпIэ администрацэм щэнхабзэмкIэ нIэ кьуажэм и унафэщIу щытащ, зи ныбжьыр ильэс 70-м щхьэдэха Мазлумян Крикор лэжьигъэ куэд зэфIех, и тхыгъэхэр газетхэмрэ журналхэмрэ традзэ, тхыльыщIэхэр кьыдегъэкI, тхыльеджэхэм яIуощIэ. Ереванрэ Москварэ пшыльхэр щыхуащIащ и усэ тхыльыщIэхэм теухуауэ. Иджы чэзуплъысащ Къэзэрэшей-Шэрджэсым. УсакIуэр къэралым и щыхьэрым зэрыщIэтам зыкIи кьыкIэрыхуркъым а республикэм пщIэуэ кьыщыхуащIар. АдэкIэ усакIуэм кьыпоплъэ Къэбэрдей-Балкъэрымрэ Дагъыстэмрэ.

УсакIуэМазлумян ныбжьыгъуэкIэ кьулейщ. Куэд щIакъым абыхэм иджырэ зы кьаззэрыкъэхэкъуэрэ. Урысей Ипщэм и тележурналистхэм папщIэ документальнэ, авторскэ кинохэм я фестиваль Лазаревск щыщекIуэкIым зэрилъэщIыхуащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм кьыщыдэкI «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ, у сакIуэ Тхьэгъэпсэу Уджыкьо. Мы тIур усыгъэм ныбжьэгъу зэхуищIащ. Тхьэгъэпсэуэм зэридзэкIащ тенджьэ фIыщIэм и Iуфэр зи хэщIапIэу щыта лъэпкъыкьым и щхьэм кьрикIуа насыпныщагъэм теуауэ «У бзыкъэ» поэмэр икIи «Черкес хэку» газетым тридзащ. Мазлумян Хьэджыкьуэ кьуажэм кьыщыззэригъэпэщащ Тхьэгъэпсэу Уджыкьуэ э и пшыхь. Иджы Тхьэгъэпсэум и ныбжьыкъэур кьригъэблагъащ Хьэбзэ кьуажэм.

- Сэ гъащIэм куэд щысльэгъащ, зэхъыкIыжу з эмыIэпIуэжыгъуэхэм Iэджэрэ сыхэтащ, ауэ Хьэбзэ кьыщыхсучащIа гулыитым хуэдэ нэхъапэм зыщIыпIи сыщрикъэлакъым, - жиIащ Мазлумян. - Щыхь 500 зыщIэхуэ Щэнхабзэмкlэ унэм лъэ увыпIэ имыIэжу нэхъыкьхэр, щIалэгъуалэр, сабийхэр, щIыпIэ интеллигенцэр щыIэжу эсат. Сызэриримыгугъуэу, мы жьыпэм дэсэм усыгъэр фIыуэ зыхащIэ, Урысейм кьыщыхъуIуэху зэIуэмыбзэкIи ирогузавэ.

Сочэ щыщ усакIуэр и адыгэ, Кавказ, Европэ цикIухэм щыщ усэ нэхъыфIхэм Хьэбзэ кьыщёжащ, «Убыхэр» поэмэм тепсэлъыхьащ, тенджыз FIыцIэм и Iуфэм щыпсэу адыгэхэм я идыкьрей гъащIэм и гугъу ищIащ, тхыльеджэхэм я упщIэхэм жэуап яритащ. Мазлумян Крикор тхыльеджэхэм щепсалъэм кьыкIугъащIащ Сочэ зи лъаэу щыта, кьыхэжаныкIащ Кавказ зауэм и зэранкIэ нэгъуэщI лъэпкъхэм яхэщыпсыхьажа убыххэм я щхьэм кьрикIуа насыпныщатъэр нэгъуэщIэм зыхащIэн папщIэ ильэс бжыгъэхэр дэкIын хуей зэрыхъуар.

- Сочэ щрагъэкIуэну Олимпиадэм нобэ псори зэхуэдэу, бгъэдыхьэркъым, - жиIащ Мазлумян. - Сэ, кьапштэмэ, адыгэхэм я гупсысэкIэр кьызэгроIуэ: а щыпIэм зауэшхуэ щекIуэкIащ, гуэныхьышхуи кьыщащащ. Си лъэпкъым и тхыдэмэ апхуэдэ зыгуэр хэр хэтащ. Уэзг урыIуэн, ипэкIэ уиIуэтэн папщIэ, гуэныгъэжьыр, мыхъумыщIагъэхэр бгъэзэкIуэжьын хуейщ, итIанэщ кьэкIуэнум укьыхэмыщтыкIыну уигуэлъэнур...

- Iисом хуэмыдэу нобэрей зэманым поджэж кьэралым и зэкъуэтныныгъэр хьумэнырэ, абы зегъэужьынымрэ гъэбыдэнымрэ иригузавэ лъэпкъэгъэ зэкъуэгъэувэныр, - жиIащ Хьэбзэ районым и Iэтащхьэм и кIуэдэ Молэ Ахьмэ д. - УсакIуэ Мазлумян Крикор лъэпкъ зэхэгъэж зымыщI, лъэпкъым я зэныбжьэгъуГэм и щапхъэ щыхуащ.

- Хэгъэрейхэм я саугъэтыр гуапэ дыдэ сщыхъуащ - сабий, ныбжьыщIэ пщIы бжыгъэхэр урысыбзэкIэ стха, гукIэ кьеджащ адыгэбзэкIэ зэрадзэкIа си усэхэм! - игъэщIагъуэу хьэбзэдэсхэм щахуэзам кьыхигъэщащ Кавказ. Абы сэ зэрэжэгъуэ я кьысхилъхьащи, усыгъэмрэ зэныбжьэгъуэмрэ я пшыхь гукъинэжьым и кьызэгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ яхузощI. СэркIэ дамыгъэ нэхъ лъапIэр - ныбжьыкIэ зэхуэмыдэ щыхуэхэм я щIыхуэхэм ягу сызэрыдыхьарщ. Абы, псалъэкIэ кьыпIуэмыIуэтэну, лъэныгъэщIэхэм сытезыгъэгузуэну кьару кьысхилъхьащ.

- Хуэм-хуэмрэ си хьуэпсапIэр кьызэхъуIэ. Ильэс зыбжанэ и пэкIэ кьалэн зыщыщыкат Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэхэр кьызэхэскIуэхыну, пшыхьэр щегъэжьыкIыну, щыпIэм щыгъэхэм сепсэлъэну. А Iуэхум теуэда пэублэ лъэбакъуэ счащ икIи абы пысщэну си мурадщ.

НЫБЭ Анзор.

●Гу зылъытапхъэ

Бэджэнду къищтэнущ

«Къалэн куэд зыгъэзащIэ Къэбэрдей-Балкъэр щIалэгъуалэ центр» кьэрал бюджет Iуэхущ I апIэ кьызэгъэпэщыным теухуауэ» КъБР-м и Правительствэм 2011 гъэм мэкъуэгъуэм и 22-м кьыдигъэкIа Унафэ №181-ПП-р игъэзащIэн папщIэ, республикэм щIалэгъуалэм я Iуэхуэмрэ жылагъуэ зэгухьанысэхэм ядэлэжьэныжьмкIэ и министерствэм Налшык кьалэ округым и кум (еджапIэ нэхъыщхьэхэм языхэзым пэгъунэгъуэмэ нэхъыфIщ) кьыщицтэнущ псэупIэу щымыт унэу (пащ кIуэцIу) псори зэхэту метр зэбгъуэнатIэу 170-рэ нэхъ рэ мынэхъ мащIэ кьызэрыкIэ. Ар псырэ электрокъарукIэ кьызэгъэпэщауэ, телефон, кондиционер, зыхуэфащэ тыншыпIэхэр щIэту, зэхэзекIуэ лей щымыIэн щхьэкIэ жэщи махуи яхъумэу щытын хуейщ. Апхуэдэу бэджэнду кьащтэну пэшхэм я лъэгур бетонкIэ кьыщыкIауэ, мафIэсхэр зэрагъэункIыфI Iэмэпсымэу электрокъарукъэ кьагъэсэбэгъэнэ пымыщIахэмкIэ кьызэгъэпэщауэ щытыпхъэщ. Унэм зыхуэфащэ документ псори иIэн хуейщ ар зи мылъкум, абы и лъэныкъуэкIэ ныкъуэкъуэгъу зэрыщымыIэм, сакъылэту е щэсыпIэу зэрамыгъэтIылъам, щхьэусыгъуэ гуэркIэ пIалъэкIэ зэрыфIамытхьэкъуам теухуауэ.

ИщхьэкIэ кьыщыгъэлъэгъуа мардэхэм кьикI унэ зиIэхэм 2011 гъэм шыщхьэIум и 5-м нэсыху министерствэм зыхуагъазэ хьунущ мы адресымкIэ: КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 57. Телефонхэр: **77-38-76**, **77-84-66**.

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэмрэ жылагъуэ зэгухьанысэхэм ящыгъэлажьэныжьмкIэ и министерствэр, Тхьэгъэзэщ Журналистхэмрэ я зэгухьанысэхэр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм, «Къэбэрдей-Балкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балкъэр» КъТРК-м, «НОТР «Налшык» ОРТК-м, «Эльбрус» тхыль тедзапIэм я лэжьакIуэхэр «Адыгэ псалъэ» газетым и кьудамэм и унафэщI **ГъущIо Зариф Тыгуэн и къуэм** хуогузавэ и анэ **Хурирэт Хьэмэт и пхъур** дунейм зэрехьэжьауам кьыхэкIыу.

Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал Iуэхущ I апIэ зэгуэтым и кьудамэм - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэр **Ефэнды Батий Къасым и къуэм** хуогузавэ абы и щхьэгъусэ **Ефэнды Лерэ Бэтокъуэ и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ I э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаев Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкьарэ Алик.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, егъэуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмрэ Iуэхущ I апIэхэм ядэлэжьэныжьмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресс-мохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ I апIэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэтэ Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр эзтекуэ зэпыту щытыным.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрыкIэ жуан ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м къыдэкIащ.

№ПА0065-м щIэзыгъэхуащ.

Зы илъэсым газетыр 250-р къыдокI.

«Тетраграфф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жуан зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Ширдий Маринэ, корректору Щоджэн Заирэ, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мырзэкан ФатIимэ. *Компьютерклэ газетым и теплъэр ищIащ* Ныр Саидэ, *суратхэм елэжьар* Къарей Элинэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iнатlэм щагъэхьзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 8.878 ● Заказ №2016